

## Yon Lane Chanjman: Tarif, Chanjman Lejislatif, Opsyon Prive



Gen anpil chanjman k ap vini pou moun ki gen asirans Citizens yo an 2024. Nan nimewo *Bilten Citizens Policyholder* sa, nou jete yon koudèy alavans sou sa nou dwe atann pou lane k'ap vini an.

### Tarif

Nan kòmansman ane sa a, Biwo Règleman Asirans Florid (OIR) te apwouve demann Citizens pou yon ogmantasyon tarif. Apre yo fin fè modifikasyon, tarif Citizens yo pral ogmante rive yon mwayèn 12.3% pou moun ki gen asirans ki asire rezidans prensipal yo.

Yon rezidans prensipal se yon lojman ki se kay prensipal moun asire a li okipe pandan plis pase nèf mwa nan lane a oswa yon pwopriyete lokasyon ki se kay prensipal lokatè a epi lokatè a okipe l pandan plis pase nèf mwa chak ane.

Lwa Florida a prevwa kounye a pi wo limit tarif pou reglementasyon Citizens yo ki asire rezidans ki pa rezidans prensipal yo. Tarif reglementasyon sa yo ka rive jiska 50% plis pase tarif ki te tabli pou Citizens ane anvan an pou yo ka rive nan yon nivo risk nòmal pi vit – kote prim yo te kolekte yo egal ak reklamasyon ak depans yo te atann yo.

Pèsonn pva renmen wè tarif li yo ogmante, men li enpòtan pou konnen ke tarif aktyèl Citizens yo,

an mwayèn, 55% pi ba pase nivo risk nòmal oswa aktyaryèl solid yo, nan anpil zòn, 30-40% pi ba pase tarif mache a.

### Egzijans Kouvèti pou Inondasyon

Twòp moun ak asirans twouve yo nan enposibilité pou rekipere yo konplètman apre Siklòn lan nan paske yo pa t gen asirans kont inondasyon. Citizens yo pa ofri asirans kont inondasyon epi li a otorize ofri asirans sa. Asirans pou inondasyon ka disponib atravè [Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon](#) (NFIP) ak nan men asirè prive ki otorize pou ofri asirans sa.

Lè nou rekonèt risk inondasyon inik nan Florid, lalwa Florid egzije kounye a ke nan lane k ap vini yo, pi fò moun ki gen kontra asirans rezidansyèl Liy Pèsosel Citizens ki gen reglementasyon ki bay pwoteksyon kont van pou pote asirans kont inondasyon swa atravè NFIP oswa nan men yon konpayi asirans prive.

Jan lalwa prevwa sa, Citizens deja kòmanse entwodwi egzijans sa gradyèlman. Pou rezidan nan kote ki deziye kòm zòn inondasyon yo, nouvo règleman ki soti depi 1<sup>re</sup> avril 2023, yo oblige gen asirans kont inondasyon, epi règleman ki renouvelé apati 1<sup>re</sup> jiyè 2023, yo oblige gen asirans kont inondasyon.

Apati ane 2024, lòt moun ki gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl ki gen pwoteksyon van yo pral oblige genyen asirans kont inondasyon. Apre yon sèten tan, pifò moun ki gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl ki gen pwoteksyon van yo pral oblige genyen asirans kont inondasyon pou yo ka kalifye pou pwoteksyon ak Citizens. (Gade atik ki sou menm sijè a.)

### **Depopilsayon: Li Kourye Ou!**

Mache asirans pwopriyete prive Florid la ap amelyore – epi gen yon enterè k'ap grandi kay konpayi asirans prive pou elaji kouvèti yo nan Florid. Sa a montre yon mache ki pi an sante ki diminye risk pou evalyasyon Citizens ak chak anplis yo. Yon fason asirè prive yo grandi se atravè de Pwogram Depopilasyon Citizens nan. Pwogram sa, ki tabli pa Lejislati a, pèmèt konpayi asirans prive ki otorize pa OIR yo asime reglemantasyon Citizens yo.

Apre refòm lejislatif yo te adopte an Desanm 2022, moun ki gen kontra asirans pèsonèl ak komèsyal rezidansyèl Citizens ki resevwa yon òf nan men yon konpayi asirans prive ki pa plis pase 20% prim renouvelman Citizens nan p ap kalifye pou rete ak Citizens.

Moun ki gen asirans rezidansyèl pèsonèl ak komèsyal ki resevwa òf ki pi gwo pase 20% prim renouvelman Citizens yo kalifye pou rete ak Citizens. Pou fè sa, yo dwe poze aksyon epi alète Citizens de desizyon an. Pwosesis sa a pral dekri nan avi asire a epi sa ka fèt sou entènèt oswa atravè ajan asirans ou a. Si asire a pa reponn, y ap voye reglemantasyon an bay konpayi asirans prive ki fè òf ki mwen chè a.

Asire Citizens ki resevwa òf yo, nou ankouraje yo kontakte ajan asirans ki nan lèt òf sa. Yo nan pi bon pozisyon pou asiste ou. Plis enfòmasyon disponib sou [paj entènèt Citizens](#).

## **Aktivite Depopilasyon k ap Grandi pandan Mache a Amelyore**



Citizens ap mande asire li yo louvri kourye yo epi li imèl ki soti nan Citizens paske amleyorasyon mache asirans pwopriyete Florid la ap renouvele enterè pou Pwogram Depopilasyon Citizens nan.

Nan kad pwogram nan, anpil moun ki gen asirans pral resevwa nan mwa k ap vini yo yon lèt nan men Citizens ki gen yon òf youn oswa plizyè konpayi asirans prive pou asime pwoteksyon regemantasyon Citizens yo. Patisipasyon konpayi asirans prive yo te jwenn apwobasyon Biwo Regilasyon Asirans (OIR).

Konpayi asirans prive yo te pran an chaj plis pase 99 000 asire Citizens nan mwa Oktòb, e OIR te apwouve prizanchaj siplemantè pou Novanm ak Desanm. Lèt òf prizanchaj Novanm ak Desanm yo deja nan wout.

Asire Citizens ki anrejistre nan [myPolicy](#) e yo chwazi pou Ale San Papye (Go Paperless) yo ap resevwa notifikasyon imeda sou tout aktivite depopilasyon lè yo rantre sou kont myPolicy yo a. Citizens mande asire yo pale ak ajan asirans yo a, li menm ki nan pi bon posizyon pou asiste yo nan kesyon fè chwa ki pi byen adapte ak bezwen yo.

### **Nouvo Règ Kalifikasyon**

Apre refòm lejislatif yo te adopte an Desanm 2022, moun ki gen kontra asirans pèsonèl ak komèsyal rezidansyèl ki resevwa yon òf ki pa plis pase 20% estimasyon prim renouvelman Citizens yo a p ap kalifye pou rete ak Citizens.



Moun ki gen asirans rezidans pèsonèl ki resevwa òf ki plis pase 20% estimasyon prim renouvelman Cizitens yo ap kalifye pou rete ak Citizens men yo dwe chwazi fè sa. Asire ki pa reponn lèt òf la nan dat limit la yo pral plase nan konpayi asirans prive mache a ki fè òf ki mwen chè a.

Nenpòt chanjman nan prim nan ap gen efè lè regelemn yo renouvre nan fen tèm 12-mwa aktyèl la. Plis enfòmasyon sou Pwogram Depopilasyon Citizens nan disponib sou [paj entènèt Citizens](#).

Menm si pri prim nan se yon konsiderasyon enpòtan lè w ap chache asirans pwopriyete, li enpòtan pou konnen kouvèti prive ki gen yon prim ki pi wo ka fè anpil sans. Asire Citizens yo, pa egzanp, yo sijè a yon prim simplemantè jiska 15% (ki prevwa pou rantre an vigè 1<sup>ye</sup> Janvye, 2024) de prim anyèl yo a si Citizens fin epwize kapasite pou li peye reklamasyon apre yon gwo tanpèt.

Anplis, majorite moun ki gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl Citizens pral nan obligasyon pou gen asirans kont inondasyon akòz nouvo egzijans yo ki pral sou pye pwogresivman nan kat pwochen lane yo. (Gade atik ki sou menm sijè a.) Apre 1<sup>ye</sup> Janvye, 2027, tout moun ki gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl ki gen pwoteksyon van (sof regleman asirans pwopriyetè inite kondominyòm yo) pral nan obligasyon pou gen asirans kont inondasyon, swa atravè Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon oswa yon asirè prive otorite pou ekri yon asirans kont inondasyon.

Pwogram Depopilasyon an se yon eleman esansyèl de tout efò k'ap fèt pou rebay Citizens wòl asirè dènye rekou eta a. Kounye a kóm pi gwo konpayi asirans pwopriyete nan Florida ak plis pase 1.4 milyon kontra, Citizens atann li ke jefò depopilasyon yo ap frennen kwasans enpòtan konpayi a konnen pandan dènye ane ki sot pase yo.

Cizitens ap kontakte ou pou asire li ke ou okouran de òf prive ki ka vin jwenn ou. Ou ka ede nou lè ou louvri kourye ak imèl ou pou asire w ke ou gen dènye enfòmasyon yo. Anplis, ou ka toujou kontakte konpayi prive asirans ki nan zòn ou an pou wè si yo ka satisfè bezwen asirans pwopriyete w la.

## Nouvo Kondisyon pou Inondasyon Kòmanse depi 1<sup>ye</sup> Janvye



Siklòn lan te bay anpil moun Florida yon move lesón lè it te frape rivaj la an Septann 2022. Jis paske ou pa abite nan yon kote ki deziyen kòm zòn inondasyon sa pa vle di kay ou a an sekirite kont domaj ki koze akoz dlo k'ap monte oswa vag tanpèt, ki se bagay Citizens pa kouvri. Sa se yon rezon ki fè asirans kont inondasyon enpòtan konsa. Citizens pa ofri asirans kont inondasyon epi li a otorize pou li fè sa.

Detèmine kisa ki te lakoz domaj tanpèt la ka bay reta, oswa reparasyon ki pa konplè ak litij nan yon moman kote w ap eseye rekipere ou. Pou ede konble vid ki genyen nan kouvèti asirans yo, Lejislati Florid te adopte nan mwa Desanm 2022 nouvo egzijans kont inondasyon ki la pou asire ke moun ki gen asirans Citizens yo jwenn tou asirans kont inondasyon (nan [Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon](#) oswa yon konpayi asirans prive ki otorize pou souskri asirans kont inondasyon) pou yo kapab rekonstwi apre yon katastwòf.

Lalwa egzije moun ki gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl ki gen pwoteksyon van (sof regleman asirans pwopriyetè inite kondominyòm yo) pou gen asirans kont inondasyon pou ka rete kalifye pou regleman Citizens nan kad yon apwòch pwogresiv ki tanmen nan kòmansan ane sa.

Moun ki te déjà gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl (eksepte mon ki gen regleman inite kondominyòm yo) ki nan zòn Ajans Federal Jesyon Ijans lan, FEMA deziyen kòm zòn ak risk pou inondasyon ki gen kouvèti asirans kont van nan kontra asirans yo

te oblige gen asirans kont inondasyon lè yo t ap renouvre kontra asirans Citizens yo a apati 1ye Jiyè 2023 oswa apre dat sa.


Tout lòt moun ki gen asirans rezidansyèl Liy Pèsonèl ki gen pwoteksyon van dwe gen asirans kont inondasyon an plas pou renouvre regleman yo a apati oswa apre:

- 1<sup>re</sup> Janvye 2024, pou yon estrikti ki gen yon pri ranplasman lojman \$600,000 oswa plis
- 1<sup>re</sup> Janvye 2025, pou yon estrikti ki gen yon pri ranplasman lojman \$500,000 oswa plis
- 1<sup>re</sup> Janvye 2026, pou yon estrikti ki gen yon pri ranplasman lojman \$400,000 oswa plis
- 1<sup>re</sup> Janvye 2027, pou tout lòt pwopriyete rezidansyèl Liy Pèsonèl yo ki asire ak Citizens ki oblige genyen asirans kont inondasyon

Li enpòtan pou konnen ke konpayi prive asirans yo pa oblige mande yon asirans kont inondasyon pou kalifikasyon. Sa vle di yon òf asirans prive ki ta sanble pi chè pase yon reglegan Citizens ka fini mwen chè lè regleman inondasyon adisyonèl la vin rantre an konsideransyon nan pri jeneral la.

Si nouvo kondisyon sa yo konsène w epi ou gen kesyon, pale ak ajan w lan. Yo nan pi bon pozisyon pou montre ou tout opsyon asisrans yo. Plis enfòmasyon sou kondisyon asirans kont inondasyon yo disponib tou sou [paj entènèt Citizens](#).

Sonje, genyen yon kouvèti inondasyon an plas ka ede ou rekipere ou de yon katastwòf kelkeswa fason dlo ki koze domaj yo rantre lakay ou. E sa vle di yon bagay anmwens pou ou enkyete ou.



## Kenbe Selebrasyon Anjwa – Evite Danje nan Jou Fèt yo



Sezon fèt la pote lajwa, chalè epi lespri pataj. Sepandan, li vini tou ak plis risk dife ki ka fè selebrasyon fèt yo tounen dezas.

Pou asire ou ke jou fèt ou yo gen lajwa epi sekirize, men kèk konsèy esansyèl pou sekirite pandan sezon fèt yo:

- **Fè atansyon a bouji yo:** Mete bouji yo sou sipò ki solid, lwen materyèl ki ka pran dife tankou rido, epi pa janm kite yo san siveyans. Panse a bouji LED san flanm kòm yon altènativ ki bay plis sekirite.
- **Verifye limyè ou yo:** Enspekte limyè nwèl yo pou wè si gen sa fil yo ba pon, anpoul ki kraze oswa sòkèt ki gate. Ranphase nenpòt limyè ki gate imedyatman. Prefere limyè LED, yo menm ki emèt mwen chalè epi yo plis konsève enèji.
- **Dekore pye sapen w lan fason kòrèk la:** Si ou gen yon pye sapen vivan, wouze li regilyèmen. Kenbe li lwen sous chalè tankou radyatè ak chemine. Si ou chwazi yon pye sapen atifisyèl, asire ou ke li gen etikèt ke li ka reziste dife.
- **Pa twò chaje priz yo:** Itilize pwoteksyon tansyon pou anpeche dife elektrik, epi deploge limyè ak dekorasyon yo anvan ou ale dòmi oswa kite kay la.
- **Pridan ak Kuizin nan:** Pa janm kite anyen ap kwit san siveyans, espesyalman lè w'ap

utilize fou oswa aparèy ki fri manje. Kenbe tout atik ki ka pran dife yo lwen, tankou sèvyèt ak gant kwizin, byen lwen sifas ki cho yo.

- **Gen yon plan Evakyasyon pou dife:** Asire ou ke tout moun nan kay la konnen plan evakyasyon an si ta gen dife. Pratike li regilyèman epi gen yon pwen rankont deyò kay la. Asire ou ke detektè lafimen yo ap fonksyone epi ranplase pil yo si nesesè.
- **Fè atansyon ak dekorasyon yo:** Evite gen dekorasyon ki pandye toupre sous chalè ak flanm dife. Chwazi dekorasyon ki rezistan a dife oswa ki pa ka boule lè sa posib.
- **Kenbe aparèy pou etenn dife yo sou lamen:** Kenbe aparèy pou etenn dife yo sou lamen nan zòn kle nan kay ou a, espesyalman nan kwizin nan. Aprann kijan pou ou byen itilize yo epi asire ou ke yo nan bon kondisyon pou byen fonksyone.
- **Stoke bwa chofaj yo yon kote ki asire:** Si ou itilize yon chemine oswa yon recho ki boule bwa, stoke bwa chofaj a lwen kay la epi kouvri li. Itilize yon ekran chemine pou evite etensèl yo chape.
- **Jete papye anbalaj yo yon kote ki asire:** Apre ou fin louvri kado yo, evite jete papye anbalaj la dirèkteman nan chemine a. Jete li nan yon sak poubèl.


Sonje ke prevansyon se pi bon mwayen pou garanti yon sezon fêt san danje e agreyab. Lè ou swiv konsèy sekirite kont dife sezon fêt yo, ou ka pwoteje sila ou renmen yo ak pwopriyete ou pandan ke w ap kreye bèl souvni.

# Sekirite kont Dife nan Kay Vakans



Kenbe jou ferye yo byen klere nan lajwa pandan w ap jwi tradisyon ou pi renmen yo, selebre bò tab ou epi kreye nouveau souvni.

Sonje **konsèy** sekirite sa yo kont dife nan kay vakans pandan sezón fèt – epi rete an **sekirite!**



- 1.** Alam lafimen sove lavi. Asire ou ke gen alam lafimen ki enstale kote yo ka plis itil: toupre kwizin ou, nan chak etaj kay ou, toupre kote moun dòmi, anandan ak deyò chanm yo, elatriye. Teste batri yo chak mwa epi ranplase yo omwen yon fwa chak lane.
- 2.** Verifye si fil dekorasyon ak limyè yo nan bon kondisyon. Si yon kab elektrik chire, pa sèvi ak li!
- 3.** Toujou deploge limyè fèt yo epi etenn bouji yo anvan ou kite kay la oswa w ale nan kabann.
- 4.** Mete dekorasyon yo a omwen 3 pye de sous chalè tankou chemine, aparéy chofaf pótatif ak ouvèti chalè.
- 5.** Si w itilize yon chemine pou chalè, etabli yon perimèt sekirite omwen 3 pye distans ak flanm yo. Pa kite tizon dife ak branch bwa yo vole sot nan flanm dife a. Asire ou ke tout tizon dife yo etenn anvan ou kite kay la oswa ale nan kabann.
- 6.** Rasanbleman nan jou fèt ka vle di plis trafik nan kwizin nan. Selebre an sekirite lè w kenbe timoun yo, bêt yo ak atik ki ka pran dife yo lwen recho ak fou yo. Redwi risk pou dife pran lè ou netwaye rapidman tout grès ki tonbe.



## myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



## Rele Citizens First nan **866.411.2742**

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)